

COLLEGE BOARD

PSAT™ 8/9 Test Directions Translated into Haitian for Students 2020-2021

Notes to the Proctor:

This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire test.

Students may **not** be given additional time, unless approved as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

Table of Contents

Notes to the Proctor:	1
Notes to the Student	3
1 Before the Test Begins	4
1.1 Answer Sheet Distribution	6
1.2 Test Book Distribution	7
1.3 Completing the Certification Statement	8
1.4 Completing Test Book Information	9
1.5 Front Cover Directions	10
1.6 Back Cover Directions	11
2 Section 1: Reading Test	12
2.1 Section 1 Test Book Directions	13
2.2 Break Between Sections	13
3 Section 2: Writing and Language Test	13
3.1 Section 2 Test Book Directions	14
4 Section 3: Math Test – No Calculator	14
4.1 Section 3 Test Book Directions	16
4.2 Break Between Sections	17
5 Section 4: Math Test – Calculator	18
5.1 Section 4 Test Book Directions	19
6 Dismissal	20
6.1 Collecting Test Books and Other Test Materials	21
6.2 Finishing Up	21
6.3 Completing Answer Sheets	21
6.4 Collecting Answer Sheets and Dismissing Students	23

Nòt pou Etidyan an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon siveyan an pral li byen fò ansanm ak enstriksyon ekri ou jwenn nan liv tèss ou an. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li enstriksyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an. Pa enkyete ou, siyifikasyon an se menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tèss lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tèss lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tèss lan.
- Ou PA ka itilize dokiman sa a kòm papyè bwouyon.
- Nan plizyè fwa, siveyan ou an pral anonse tan ki rete an nan seksyon an, ansanm ak poz yo lè li apwopriye. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo gendwa diferan ak kwonometraj ak poz ki sou lis nan dokiman tradui sa a. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.
- Si ou ap teste ak aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon enpòtan



Enstriksyon siveyan ou an di ou



Enstriksyon ou jwenn nan liv tèss ou an

1 Anvan Tès lan Kòmanse

Siveyan ou an pral kòmanse di:

- Byenvini nan administrasyon PSAT 8/9 lan. Tès sa a pral konsantre sou sa ou te deja ap aprann nan tout pakou ou lekòl. Li ba ou yon chans pou wè kote ou ta gendwa bezwen amelyore nan lekòl segondè. Si ou ap itilize enstriksyon ki enprime, itilize yo pou ou suiv pandan mwen ap bay enstriksyon.

Anvan nou kòmanse tès lan, mwen pral li kèk enstriksyon. Tanpri koute ak atansyon epi leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Sonje, wòl mwen se pou asire ou gen pi bon opòtinite pou demontre kapasite ak konesans ou.

Pou tès jodi an, ou gendwa itilize sèlman yon kreyon Nimewo 2 pou make fèy repons ou an. Kreyon mekanik yo pa otorize. Tanpri leve men ou si ou pa gen yon kreyon Nimewo 2 e mwen pral ba ou youn.

Après siveyan ou an pral di:

- Tèm ak kondisyon PSAT 8/9 College Board yo gen ladan yo règ ak politik pou asire tout elèv gen yon eksperyans tès ki jis epi ki egal. Si yon moun deranje lòt moun oswa eseye genyen yon avantaj ki pa jis, mwen ap mande yo kite sal lan epi nòt yo an pral anile. Yo gendwa anpeche yo tou pou ou pran lòt tès College Board alavni.

Siveyan ou an pral drese yon lis egzanj move konduit lè li di:

- Men kèk egzanj avantaj ki pa jis:
 - Bay oswa resevwa èd nan nenpòt fason nan tès lan
 - Gade atravè liv tès lan anvan lè an kòmanse.
 - Gade nan nenpòt seksyon oswa tès ki pa sa nou sou li nan moman an
 - Make oswa chanje repons apre lè an rive
 - Tante retire dokiman tès yo nan sal tès lan
 - Itilizasyon yon telefòn oswa nenpòt èd pou pran tès ki pa otorize pandan tès lan oswa pandan poz yo
 - Itilize yon kle repons oswa pataje repons ak nenpòt moun pandan oswa apre tès lan.
 - Ale nan yon vestyè oswa kite batiman an pandan tès lan
 - Tante pran tès lan pou yon lòt moun
 - Manje oswa bwè pandan tès lan san yon aranjman ki apwouve pou fè sa.
 - Lakoz yon deranjman
 - Enkapasite pou suiv pwosedi tès yo

Politik sa yo ede asire eksperyans tès ou an jodi an jis epi ou ka konsantre ou sou pwòp tès ou an san distraksyon.

Si ou wè nenpòt bagay ki ba ou preyokipasyon, tanpri pale ak mwen oswa yon lòt manm pèsonèl tès lan epi nou pral ede ou ak nenpòt pwochen etap.

Siveyan ou an pral sèlman li yon opsyon, tèks A oswa B, ki suiv lan.

(A) *Si lekòl ou an te ranmase afè pèsònèl, siveyan ou an pral di:*

- Distans sa a nou ta dwe remèt tout telefòn ak nenpòt lòt aparèy elektwonik. Si nenpòt moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt tip lan, ansanm ak yon mont entelijan oswa yon retrasè pou egzèsis fizik, tanpri dezaktive tout alam, etenn li epi remèt mwen l kounya. N ap retounen l sou ou nan fen tès lan.

(B) *Si lekòl ou an pa t ranmase afè pèsònèl, siveyan ou an pral di:*

- Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pèsònèl nan men ou, ansanm ak yon mont entelijan oswa yon retrasè pou egzèsis fizik, ou dwe dezaktive tout alam, totalman fèmen l epi mete l nan yon valiz oswa sak nan do sou bò sal lan jouk tès lan fini. Si ou jwenn apwobasyon pou itilize yon eleman tankou yon èd, mete l ak eleman ou kenbe nan syèj ou an. Si ou bezwen yon valiz pou ou mete telefòn ou an ladan l, leve men ou epi mwen pral ba ou you.

Siveyan ou an pral konfime tokenn aparèy elektwonik pa otorize lè l di:

- Yo gendwa ranmase epi enspekte kontni nenpòt aparèy elektwonik ki pa etenn oswa mete aleka kòm yon pati nan yon ankèt. Si yo wè ou ak yon aparèy oswa aparèy ou an fè bri oswa kreye yon deranjman pandan li nan men ou, mwen pral blije retire ou nan tès lan. Apati pwen sa a, mwen pral retire nenpòt elèv mwen wè ak yon telefòn, mont entelijan oswa lòt aparèy elektwonik.

Après siveyan ou an pral di:

- Mèsi dèske ou fè atansyon ak enstriksyon sa yo jiska prezan. Kounya nou pral prepare pou kòmanse tès lan.
 - Retire tout bagay sou biwo ou an eksepte kreyon Nimewo 2 ou yo, kalkilatri ki akseptab ak kalkaltris ranplasman si ou gen youn ak nenpòt aparèy tès ki apwouve. Si ou ap itilize enstriksyon pou tès ki enprime oswa glosè mo pou mo, kenbe eleman sa yo sou biwo ou tou.
 - Si ou te pote pil anplis, bwason oswa ti goute, mete yo atè an anba biwo ou an.
 - Si ou gen valiz oswa sak nan do ki rete sou biwo ou an, fèmen yo epi mete yo arebò sal lan jouk tès lan fini.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

- Tanpri chita san fè bri pandan mwen ap pran yon moman pou mwen gade epi asire m nou tout ap itilize kalkilatri ki akseptab.

Après siveyan ou an pral di:

- Tanpri sonje ou pa gendwa pataje oswa fè echanj kalkilatri nan okenn moman. Mete kalkilatri nou yo anba biwo nou yo kounya. Nou pa p bezwen yo jouk nan yon seksyon pi lwen.

1.1 Distribisyon Fèy Repons yo

Aprè distribisyon fèy repons yo, siveyan ou an pral di:

- Sa yo se fèy repons ou pral itilize pou make repons ou yo nan tèl lan. Si ou ap itilize yon gwo fèy repons, tanpri li enstriksyon yo nan paj 1 fèy repons ou an sou kijan pou make repons ou yo. Nimewo paj ou yo pral diferan parapò ak sa mwen anonse yo, men nimewo chan yo ap menm bagay lan ak nimewo chan mwen bay tout moun yo. Ou pral make kare yo ak yon X olye ou ranpli boul yo. Leve men ou si ou bezwen asistans nenpòt kilè.

Siveyan ou an pral sèlman li yon opsyon, tèks A oswa B, ki suiv lan.

(A) Si tout elèv gen fèy repons ki gen enfòmasyon pèsònèl yo, siveyan ou an pral di:

- Tout moun isi an ta dwe gen yon fèy repons ak yon etikèt ak/oswa enfòmasyon ki enprime epi ki antoure sou li. Tanpri verifye ou gen fèy repons ki kòrèk lan nan asire w li montre non legal ou ak dat nesans ou. Leve men ou si ou gen move fèy repons lan oswa si ou jwenn nenpòt erè sou etikèt lan.

(B) Si kèk elèv pa t ranpli enfòmasyon pèsònèl yo sou fèy repons yo an, siveyan ou an pral di:

- Kèk nan nou gendwa deja gen yon etikèt ak/oswa enfòmasyon ki enprime epi ki antoure sou fèy repons mwen fenk ban nou an. Si se reyalye an, tanpri verifye ou gen fèy repons ki kòrèk lan nan asire ou enfòmasyon sou fèy repons lan kòrèk. Si li kòrèk, tanpri chita san fè bri pandan kèk minit pandan mwen ap fè lòt elèv yo konnen pou yo ranpli chan obligatwa yo sou fèy repons yo an. Si nenpòt enfòmasyon sou fèy repons lan enkòrèk, tanpri leve men ou.

Pou tout elèv ki bezwen ranpli enfòmasyon sou fèy repons yo an, pou chan 1 an, siveyan ou an pral di:

- Kòmanse ranpli siyati, prenon ak inisyal dezyèm prenon legal ou si ou gen youn. Mete espas, trèdinyon oswa apwostwòf si sa yo fè pati non ou. Ekri lèt yo nan karaktè enprimri an majiskil nan bwat yo, apres a ranpli boul ki koresponn yo. Asire ou chak mak fons epi totalman ranpli boul lan. Verifye lè ou fini.

Pou chan 2 la, siveyan ou an pral di:

- Pou chan 2 an, si ou frekante lekòl sa a, ranpli boul lan pou "Yes" ("Wi"). Nenpòt moun ki pa frekante lekòl sa a nan yon fason regilye, ta dwe ranpli boul ki aplike ak ou an. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon.

Pou chan 3 ak 4 ly, siveyan ou an pral di:

- Pou chan 3 ak 4 yo, si ou frekante lekòl sa a, ekri non lekòl, vil ak eta nou an nan chan 3 an karaktè enprimri; apres a ekri kòd 6 chif lekòl nou an an karaktè enprimri _____ nan chan 4 lan epi ranpli boul ki koresponn yo. Si ou pa p frekante lekòl sa a nan yon fason regilye, leve men ou e mwen pral vini ba ou kòd pou ou antre nan chan 4 lan. Verifye lè ou fini.

Siveyan ou an pral sote chan 5 lan si lekòl ou an pa p itilize nimewo ID elèv.

Si lekòl ou an ap itilize nimewo ID elèv, pou chan 5 lan, siveyan ou an pral di:

- Nan chan 5 lan, ekri an karaktè enprimri epi ranpli boul yo pou nimewo idantifikasyon elèv ou an, kòmanse depi nan premye kolòn lan agoch. Si gen lèt nan nimewo ID ou an, pa mete yo epi sèlman antre chif yo san espas nan mitan yo. Si ou pa konnen nimewo ID elèv ou an, leve men ou. Verifye lè ou fini.

Pou chan 6 la, siveyan ou an pral di:

- Ranpli nivo klas aktyèl ou nan chan 6 lan.

Pou chan 7 la, siveyan ou an pral di:

- Ranpli chan 7 lan.

Pou chan 8 la, siveyan ou an pral di:

- Pou dat nesans ou, ranpli boul lan pou mwa ou te fèt ladan l lan. Sou gwo fèy repons yo, ranpli chif yo pou mwa a, kòmanse ak yon zewo si mwa a gen sèlman 1 chif. Ansuit, ekri nimewo de chif lan pou jounen ou te fèt ladan l lan, kòmanse ak zewo si jou an mwens pase 10. Apresa ekri 2 dènye chif ane ou te fèt ladan l lan. Ranpli boul ki koresponn yo epi verifye lè ou fini.

Anvan distribisyon liv tè s yo, siveyan ou an pral di:

- Si ou gen lòt chan pou ou ranpli nan pati ki pa tè s lan nan fèy repons ou an, ou pral gen chans pou ou ranpli yo apre tè s lan fini.

1.2 Distribisyon Liv Tès lan

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Kounya mwen pral ba nou liv tè s nou an. Lè ou resevwa liv tè s ou an, pa ouvri l.

Lè tout elèv yo gen liv tè s yo, siveyan ou an pral di:

- Vire liv tè s ou an epi li kouvèti do an. Li gen enfòmasyon enpòtan sou tè s lan epi kijan pou make repons ou yo kòmsadwa.
Èske gen okenn kesyon sou sa ou sot li an?

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Nan do liv tè s lan, ekri an karaktè enprimri non ou, kòd ak non lekòl sa a epi kòd oswa non sal tè s sal sa a, mwen te afiche pou ou yo.

Pou elèv k ap itilize yon kle USB (flash drive), siveyan ou an pral di:

- Si ou ap itilize yon fòm kle USB, ou bezwen asire ou enfòmasyon sa a nan pakè kle USB ou an tou.

Siveyan ou an pral ba ou enstriksyon anplis pou ou make repons lè li di:

- Li enpòtan pou ou suiv enstriksyon yo pou make repons ou yo pou yo ka note fèy repons ou an. Mwen pral mete aksan sou pwèn ki pi enpòtan yo pou asire yo klè. Tanpri tande ak atansyon.
 - Make tout repons ou yo sou fèy repons lan. Ou gendwa itilize liv tèl ou an pou travay bwouyon, men se sèl repons ki make sou fèy repons lan k ap jwenn nòt amwenske ou gen apwobasyon pou make yo nan liv tèl lan.
 - Si yo te apwouve ou pou ou anrejistre repons ou yo nan liv tèl lan, antoure lèt repons ou chwazi an nan liv tèl ou an. Antoure sèlman 1 repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide ou, efase totalman nan nivo ou kapab. Si yo pa apwouve ou pou aranjman sa a, asire w ou anrejistre repons ou yo sou fèy repons lan.
 - Apre lè an rive, ou gendwa pa transfere repons yo apati liv tèl ou an pou al nan fèy repons ou an oswa ranpli boul yo.
 - Asire w ou itilize yon kreyon Nimewo 2. Pa itilize yon plim, yon kreyon koulè oswa yon kreyon mekanik.
 - Make 1 repons pou chak kesyon epi ranpli boul yo sou fèy repons lan nan yon fason ki fonsè epi totalman.
 - Pa fè okenn mak sou fèy repons ou an apa repons ou yo. Mak kreyon sou fèy repons ou an pral fè entèferans ak nòt lan.
 - Si ou efase, fè sa totalman. Efasaj ki pa konplè gendwa note kòm repons ki te swete.

1.3 Ranpli Deklarasyon Sètifikasyon an

Ak tout elèv yo, siveyan ou an di:

- Kounya jwenn Certification Statement (Deklarasyon Sètifikasyon) an nan do fèy repons ou an.

Lè ou siyen deklarasyon an, ou dakò pou ou pa pataje okenn kontni tèl lan ak pèsòn, atravè okenn mwayen, ki gen ladan l men ki pa limite ak imèl, mesaj tèks, piblikasyon sou entènèt oswa lòt itilizasyon entènèt lan. Fè sa a gendwa debouche sou anilasyon nòt lan oswa lòt sanksyon posib. Kondisyon sa yo deklare nan *PSAT 8/9 Student Guide (Gid PSAT 8/9 pou Elèv)* lan.

Li deklarasyon an ak enfòmasyon sou fèy repons ou an, apresa siyen tout non ou jan ou t ap fè l nan yon dokiman ofisyèl. Anba siyati ou, ekri non ou an karaktè enprimri epi antre dat jodi an.

Depoze kreyon ou lè ou fini.

1.4 Ranpli Enfòmasyon Liv Tès lan

Pou chan A ak B, Form Code (Kòd Fòmilè) an ak Test ID (ID Tès) lan, siveyan ou an pral di:

- Ou ap jwenn chan A ak B a nan do fèy repons ou an. Jwenn Form Code (Kòd Fòmilè) lan ak Test ID (ID Tès) lan nan do fòmà tès ou ap pase an—sa vle di, liv tès ou an, tèks lektè an (yo bay lektè ou an l), liv braille oswa pake kle USB an. Kopye Kòd Fòmilè an ak ID Tès lan egzakteman jan l parèt lan nan tès ou an nan chan A ak B an nan fèy repons ou an epi ranpli boul ki apwopriye yo. Tanpri verifye lè ou fini.

Chan C an ta dwe ranpli sèlman si liv tès nou yo gen nimewo seri nan kwen anwo adwat paj kouvèti an. Si liv tès nou yo pa gen nimewo seri, siveyan ou an pral sote pwochen paragaf lan.

Pou tès nan mwa avril lan, pou chan C an, siveyan ou an pral di:

- Gade paj kouvèti liv tès ou an oswa lòt fòmà tès. Jwenn nimewo an nan kwen anwo adwat lan ki gen etikèt "Test Book Serial Number" ("Nimewo Seri Liv Tès") lan. Antre nimewo seri ou an nan chan C an sou fèy repons ou an epi ranpli boul ki koresponn yo.

Siveyan ou an pral fè elèv yo verifye kòd yo te antre an lè li di:

- Pou anpeche pwoblèm pou jwenn nòt ou yo, verifye chan Form Code (Kòd Fòmilè) an ak chan Test ID (ID Tès) yo pou asire w ou te rantre yo kòrèkteman.

Si liv tès nou yo pa gen nimewo seri, siveyan ou an pral sote pwochen paragaf lan.

Pou tès nan mwa avril lan, siveyan ou an pral di:

- Tanpri verifye tou espas Nimewo Seri Liv Tès lan ranpli kòrèkteman.

Si lekòl ou an tilize kòd pou sal pou tès lan, pou chan D an, siveyan ou an pral di:

- Nan chan D an, ekri kòd pou sal pou tès mwen te afiche an, apres a ranpli boul yo.

Si lekòl ou an itilize kòd opsyonèl, pou chan E an, siveyan ou an pral di:

- Pou chan E an, mwen pral li fò non elèv yo ki jwenn chak nan kòd yo. Lè ou tande non ou, antre kòd mwen te anonse pou gwoup ou an. Leve men ou si ou bezwen m repete ki kòd ou jwenn. si ou pa frekante lekòl sa a, kite chan E an vid.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Ou pral kòmanse tès lan nan kèk minit, apre mwen li kèk pwen final.
Pandan tès lan, kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Si ou jwenn yon bagay ki pa bon nan fèy repons ou an oswa liv tès ou an, tankou yon paj ki manke, leve men ou nan moman sa a. Mwen pral mache nan sal lan pou verifye pwogrè nou.

Pou PSAT 8/9 lan, ou ka sèlman travay sou yon sèl seksyon alafwa. Ou pa otorize pou ou ale nan pwochen seksyon an jouk yo di ou sa. Sa gendwa diferan parapò ak sa ou te abitye, donk asire ou pou pa avanse oswa fè bak nan yon seksyon ki vin anvan, menm si ou fini seksyon aktyèl lan.

Fèy repons ak liv tè s yo pa dwe janm soti nan sal tè s lan.

Si ou gen nenpòt kesyon sou pwosedi tè s yo, tanpri poze yo kounya. Mwen pa p kapab reponn kesyon pandan sekyon ki kwonometre yo nan tè s lan.

1.5 Enstriksyon pou Paj Kouvèti an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon paj kouvèti liv tè s ou an.

RAPÈL KI ENPÒTAN

1

Yon kreyon No. 2 obligatwa pou tè s lan. Pa itilize yon kreyon oswa plim mekanik.

2

Pataje kesyon oswa repons tè s lan ak nenpòt moun se yon vyolasyon Tèm ak Kondisyon nou yo. Si ou vyole Tèm ak Kondisyon nou yo, nou gendwa anile nòt ou yo e anpeche ou pran lòt evalyasyon alavni.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI NAN SAL LAN. REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KI PA OTORIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS SA A ENTÈDI.

© 2020 College Board. College Board ak logo glan se mak depoze anrejistre College Board. PSAT se yon mak depoze College Board posede.

1.6 Enstriksyon pou Kouvèti Do an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon kouvèti do liv tè s ou an. Lè yo pase enstriksyon an, ou ta dwe ekri sou liv tè s lan oswa fèy repons lan, non pa sou dokiman sa a.

NON OU (NAN KARAKTÈ ENPRIMRI) _____

SIYATI

PRENON

DEZYÈM INISYAL LAN

LEKÒL _____

KÒD LEKÒL LAN

NON LEKÒL LAN

KÒD / NON SAL TÈS LAN

PSAT 8/9

ENTRIKSYON JENERAL

- Ou gendwa travay sèlman sou yon seksyon alafwa.
- Si ou fini yon seksyon anvan lè an rive, verifeye travay ou an sou seksyon sa a. Ou PA gendwa ale nan okenn lòt seksyon.

MAKE REPONS YO

- Asire ou pou ou make fèy repons ou an kòrèkteman.

Mak ki Konplè:

Mak ki Pa Konplè yo:



- Ou dwe itilize yon kesyon No. 2.
- Make sèlman yon repons pou chak kesyon ak swen.
- Asire w ou ranpli boul lan nèt fonse epi totalman.
- Pa fè mak kreyon sou fèy repons ou an.
- Si ou efase, fè sa totalman. Efasaj ki pa konplè gendwa note kòm repons ki te swete.
- Itilize sèlman espas repons yo ki koresponn ak nimewo kesyon yo.

ITILIZE LIV TÈS OU AN

- Ou gendwa itilize liv tè s lan pou travay bwouyon, men ou pa p resevwa kredi pou anyen ou ekri nan liv tè s ou an.
- Apre lè an rive, ou gendwa pa transfere repons yo apati liv tè s ou an pou al nan fèy repons ou an oswa ranpli boul yo.
- Ou pa gen dwa pliye oswa retire paj oubyen pòsyon yon paj nan liv sa a oswa retire liv lan oubyen fèy repons lan nan sal tè s lan.

NÒT

- Pou chak repons kòrèk, ou resevwa yon pwèn.
- Ou pa pèdi pwèn pou move repons, kòm konsekans, ou ta dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa sèten sou repons kòrèk lan.

ENPÒTAN

Kòd yo ki anba a inik ak liv tè s ou an.

Kopye yo sou fèy repons ou an nan chan A ak B yo epi ranpli boul ki koresponn ak yo an egzakteman jan yo montre l lan.

A Form Code									
A	A	A	A	0	0	0			
B	B	B	B	1	1	1			
C	C	C	C	2	2	2			
D	D	D	D	3	3	3			
E	E	E	E	4	4	4			
F	F	F	F	5	5	5			
G	G	G	G	6	6	6			
H	H	H	H	7	7	7			
I	I	I	I	8	8	8			
J	J	J	J	9	9	9			
K	K	K	K						
L	L	L	L						
M	M	M	M						
N	N	N	N						
O	O	O	O						
P	P	P	P						
Q	Q	Q	Q						
R	R	R	R						
S	S	S	S						
T	T	T	T						
U	U	U	U						
V	V	V	V						
W	W	W	W						
X	X	X	X						
Y	Y	Y	Y						
Z	Z	Z	Z						

B Test ID									
0	0	0	0	0	0	0			
1	1	1	1	1	1	1			
2	2	2	2	2	2	2			
3	3	3	3	3	3	3			
4	4	4	4	4	4	4			
5	5	5	5	5	5	5			
6	6	6	6	6	6	6			
7	7	7	7	7	7	7			
8	8	8	8	8	8	8			
9	9	9	9	9	9	9			

Lide ki nan pasaj yo pou tè s sa a, yo pran kèk ladan yo kòm ekstrè oswa yo adapte yo apati dokiman ki pibliye, pa nesèsman reprezante opinyon College Board.

PA OUVRI LIV SA A JOUK SIVEYAN AN DI OU FÈ SA.

2 Seksyon 1: Tès Lekti



Tan estanda pou Seksyon 1 an se **55 minit**, ak yon **poz 5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèl lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:



Nou pral kòmanse tèl lan ak Seksyon 1, Tès Lekti an. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay sou seksyon 1 an. Nou pral pran yon poz 5 minit lè seksyon sa a fini. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Tanpri remèt fèy repons ou an nan Seksyon 1 an nan paj 3. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ouvè epi kouche sou biwo ou an. Pa pliye paj yo. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 1 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote. Si ou sote yon kesyon pou ou tounen sou li pita, asire w ou kite yon liy vid sou fèy repons lan. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt nan jan l posib.

Si ou fini anvan lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an nan seksyon sa a, men ou pa gendwa tounen nan okenn lòt seksyon. Ou pa p pèdi pwent pou repons enkorèk yo, donk eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten sou repons korèk lan.

Kounya, ouvri liv tèl ou an nan Seksyon 1 an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Bòn chans, tout moun. Lè an kòmanse kounya.

Aprè 30 minit, siveyan ou an pral di:



Ou gen 25 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Aprè 50 minit, siveyan ou an pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Aprè egzakteman 55 minit, siveyan ou an pral di:



Tanpri sispann travay epi depoze kreyon ou an.

Pou ede ou jwenn plas ou an rapidman apre poz lan, mete fèy repons ou an anlè paj ki nan liv tèl ou an kote ou te sispann travay lan. Fèmen liv tèl ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:



Nou pral kanpe kounya pou yon poz 5 minit pou detire. Pa diskite sou kesyon yo pandan poz lan oswa kite sal tèl lan san pèmisyon.

Ou pa gendwa aksede oswa itilize yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan poz sa a oswa nenpòt lòt poz pandan tèl lan. Tout telefòn ak lòt aparèy yo dwe rete fèmen epi mete aleka jouk tèl lan fini.

Si mwen ba ou pèmisyon pou ou kite sal lan, suiv règ sa yo:

- Sèlman ale nan espas ki deziyen yo, koulwa a oswa twalèt lan.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.
- Si ou te pote yon ti goute, ou gendwa manje l nan espas yo fè pou sa yo sèlman.

Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 5 minit.

2.1 Seksyon 1 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 1 liv tès ou an.

55 MINIT, 42 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj oswa pè pasaj ki anba yo gen yon kantite kesyon ki suiv yo. Apre ou fin li chak pasaj oswa pè pasaj, chwazi pi bon repons lan pou chak kesyon baze sou sa ki deklare oswa enplike nan pasaj lan oswa pasaj yo epi nan nenpòt grafik ki akonpanye yo (tankou yon tablo oswa yon koub).

2.2 Poz Ant Seksyon yo

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:



Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvè liv tès ou an jouk mwen di ou fè sa.

3 Seksyon 2: Tès Ekri ak Langaj



Tan estanda pou Seksyon 2 an se **30 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:




Nou pral avanse nan Seksyon 2 an kounya, Tès Redaksyon ak Lang lan. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 30 minit pou travay sou seksyon 2 an. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Soti fèy repons ou an epi jwenn Seksyon 2 an nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ouvè epi kouche sou biwo ou an. Pa pliye paj yo. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 2 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Si ou fini anvan lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an nan seksyon sa a, men ou pa gendwa tounen nan okenn lòt seksyon.

Kounya, ouvri liv tè s ou an nan Seksyon 2 an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.


Aprè 15 minit, siveyan ou an pral di:

-  Ou gen 15 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè 25 minit, siveyan ou an pral di:

-  Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè egzakteman 30 minit, siveyan ou an pral di:

-  Tanpri sispann travay epi depoze kreyon ou an.

Pou ede ou jwenn plas ou an rapidman, mete fèy repons ou an anlè paj ki nan liv tè s ou an w ap travay sou li aktyèlman. Fèmen liv tè s ou an epi kite l sou biwo ou an.

3.1 Seksyon 2 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon yo jwenn nan kòmansman Seksyon 2 liv tè s ou an.

30 MINIT, 40 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj ki anba akonpanye ak yon kantite kesyon. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi revizyon pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi koreksyon pou korije erè nan estrikti, itilizasyon oswa ponktiyasyon fraz yo. Yon pasaj oswa yon kesyon gendwa akonpanye ak youn oswa plis grafik (tankou yon tablo oswa koub) ou pral konsidere pandan ou ap pran desizyon revizyon ak koreksyon.

Kèk kesyon pral oryante ou nan yon pòsyon ki pa souliyen nan yon pasaj. Lòt kesyon pral oryante ou nan yon anplasman nan yon pasaj oswa mande ou pou ou reflechi sou pasaj lan nan entegralite l.


Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki pi byen amelyore kalite ekriti nan pasaj lan oswa ki rann pasaj lan konfòm ak konvansyon anglè estanda yo ekri an. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "NO CHANGE" ("OKENN CHANJMAN"). Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se pou kite pòsyon ki apwopriye nan pasaj lan jan l ye an.

4 Seksyon 3: Tès Matematik – Okenn Kalkilatri



Tan estanda pou Seksyon 3 a se **20 minit**, ak yon **poz 5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tè s lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Nou pral avanse nan Seksyon 3 kounya, Tès Matematik san Kalkilatri lan. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 20 minit pou travay sou seksyon 3 an. Nou pral pran yon poz 5 minit lè seksyon sa a fini. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Soti fèy repons ou an epi jwenn Seksyon 3 an nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ouvè epi kouche sou biwo ou an. Pa pliye paj yo. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 3 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.


Pi fò kesyon yo se chwa miltip, men dènye grenn kesyon yo se “Student-Produced Responses” (“Repons Elèv lan Pwodu”). Enstriksyon yo pou ou antre repons ou yo ak kesyon sa yo nan liv tè ou an. Ou pa p janm bezwen plis pase 4 espas pou anrejistre repons ou an, malgre kèk repons ta ka pa itilize tout 4 espas yo. Si yo te apwouve ou pou anrejistre repons ou yo nan liv tè lan, asire w ou make repons ou yo nan yon fason ki klè (pa egzanp, antoure repons final ou an).

Malgre se yon pòsyon nan Tès Matematik lan, ou pa otorize pou itilize yon kalkilatri amwenske ou te jwenn apwobasyon pou itilize yon kalkilatri 4 fonksyon kòm yon aranjman. Sinon, tanpri kenbe kalkilatri ou an anba biwo ou an.

Si ou fini anvan lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an nan seksyon sa a, men ou pa gendwa tounen nan okenn lòt seksyon.

Kounya, ouvri liv tè ou an nan Seksyon 3 an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.


Aprè 10 minit, siveyan ou an pral di:

-  Ou gen 10 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè 15 minit, siveyan ou an pral di:


-  Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè egzakteman 20 minit, siveyan ou an pral di:

-  Tanpri sispann travay epi depoze kreyon ou an.

Pou ede ou jwenn plas ou an rapidman apre poz lan, mete fèy repons ou an anlè paj ki nan liv tè ou an kote ou te sispann travay lan. Fèmen liv tè ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

-  Nou pral kanpe kounya pou yon poz 5 minit pou detire. Pa diskite sou kesyon yo pandan poz lan oswa kite sal tè lan san pèmisyon.

Nou pral kòmanse pase tè lan ankò nan egzakteman 5 minit.

4.1 Seksyon 3 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 3 liv tès ou an.

20 MINIT, 13 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 3 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-10 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo epi ranpli boul ki koresponn lan sou fèy repons ou an. **Pou kesyon 11-13 yo**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan tablo sou fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 11 an sou kijan pou antre repons yo nan tablo an. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tès ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris **pa otorize**.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Imaj ki bay nan tès sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout imaj yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòmè l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo an.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$





$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre yon ak nan yon sèk se 360.

Kantite reyon yon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 11-13 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan tablo an, jan sa dekri anba a, sou fèy repons lan

1. Malgre li pa obligatwa, yo sigjere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou pral resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon boul nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
5. **Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si

3	1	/	2
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

antre nan tablo an, yo pral

entèprete l tankou $\frac{31}{2}$, non pa $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons lan nan bwat yo. →

7	/	1	2
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Liy fraksyon an

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

← Pwen desimal

	2	.	5
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

	2	/	3
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

	2	0	1
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize an, kolòn moun ki pèmèt.

4.2 Poz Ant Seksyon yo

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

-  Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvè liv tè s ou an jouk mwen di ou fè sa.

5 Seksyon 4: Tès Matematik – Kalkilatis



Tan estanda pou Seksyon 4 lan se **40 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèl lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:



Nou pral avanse nan Seksyon 4 kounya, Tès Matematik ak Kalkilatis lan. Sa se dènye seksyon tèl lan—ou prèske fini. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 40 minit pou travay sou seksyon 4 an. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Ou gendwa itilize yon kalkilatis pou seksyon sa a; si ou gen yon kalkilatis, tanpri mete sou biwo ou an kounya. Malgre ou otorize pou ou itilize yon kalkilatis pou seksyon sa a, tout kesyon yo ka reponn san yon kalkilatis. Si ou itilize yon kalkilatis, sonje pou ou suiv direktiv sa yo:

- Kite l kouche dwat sou biwo ou an oswa kenbe l pou lòt elèv yo pa ka gade travay ou an.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatis ou an ak okenn lòt moun.
- Si ou te pote yo kalkilatis oswa pil pou bakòp, kite yo atè an anba biwo ou an.
- Si kalkilatis ou an ap bay pwoblèm epi ou gen pil oswa yon kalkilatis pou bakòp, leve men ou. Mwen pral vin asiste ou. Si ou pa gen yon bakòp, kontinye pran tèl lan epi fè tout posib ou kapab.

Soti fèy repons ou an epi jwenn Seksyon 4 an nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ouvè epi kouche sou biwo ou an. Pa pliye paj yo. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 4 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Pi fò kesyon yo se chwa miltip, men dènye grenn kesyon yo se “Student-Produced Responses” (“Repons Elèv lan Pwodui”). Enstriksyon yo pou ou antre repons ou yo ak kesyon sa yo nan liv tèl ou an. Ou pa p janm bezwen plis pase 4 espas pou anrejistre repons ou an, malgre kèk repons ta ka pa itilize tout 4 espas yo. Si yo te apwouve ou pou anrejistre repons ou yo nan liv tèl lan, asire w ou make repons ou yo nan yon fason ki klè (pa egzanp, antoure repons final ou an).

Si ou fini anvan lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an nan seksyon sa a, men ou pa gendwa tounen nan okenn lòt seksyon.

Kounya, ouvri liv tèl ou an nan Seksyon 4 an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.

Aprè 20 minit, siveyan ou an pral di:




Ou gen 20 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè 35 minit, siveyan ou an pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè egzakteman 40 minit, siveyan ou an pral di:

 Tanpri sispann travay epi depoze kreyon ou an.

Fèmen fèy repons ou an pou paj 1 an parèt anlè. Fèmen liv tèss ou an epi mete l sou fèy repons ou an.

5.1 Seksyon 4 Enstriksyon pou Liv Tèss lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 4 liv tèss ou an.

40 MINIT, 25 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 4 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-21 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo epi ranpli boul ki koresponn lan sou fèy repons ou an. **Pou kesyon 22-25 yo**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan tablo sou fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 22 an sou kijan pou antre repons yo nan tablo an. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tèss ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris **otorize**.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Imaj ki bay nan tèss sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout imaj yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòmè l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre yon ak nan yon sèk se 360.


Kantite reyon yon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 22-25 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan tablo an, jan sa dekri anba a, sou fèy repons lan

1. Malgre li pa obligatwa, yo sigjere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou pral resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon boul nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
5. **Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si



antre nan tablo an, yo pral

entèprete l kòm $\frac{31}{2}$, non pa $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons lan nan bwat yo. →

7	/	1	2
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Liy fraksyon an

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

← Pwen desimal

	2	.	5
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

	2	/	3
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize an, kolòn moun ki pèmèt.

6 Ranvwa

Siveyan ou an pral di:

- Felisitasyon—ou fenk fini tès lan. Tanpri rete nan plas nou jouk mwen voye nou ale.

Anvan ranmasaj liv tè s yo, siveyan ou an pral di:

- Anvan mwen ranmase dokiman tè s ou yo, tanpri vire fèy repons ou an epi verifye ou te ranpli Kòd Fòmilè an nan chan A a. Kòd Fòmilè sa a obligatwa pou yo note tè s ou an. Verifye ou te ranpli tou espas B an.

Si liv tè s oswa lòt fòm tè s ou an gen yon nimewo seri sou paj kouvèti an, tanpri asire ou espas C an ranpli.

Tanpri leve men ou si ou bezwen èd pou ou ranpli nenpòt espas.

6.1 Ranmase Liv Tè s yo ak Lòt Dokiman Tè s yo

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Mwen pral ranmase liv tè s nou yo kounya. Tanpri kenbe fèy repons nou yo kouche sou biwo nou epi chita san fè bri.

6.2 Finalize

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Si ou toujou gen enfòmasyon pèsònèl, ki pa nan tè s lan pou ou ranpli nan fèy repons ou an, tanpri mete fèy repons ou an fas anba sou biwo ou an. Chita san fè bri epi pa ekri anyen sou fèy repons lan pandan mwen ap fè lòt elèv yo ale. Nan kèk minit mwen pral ede ou ranpli fèy repons ou yo.

Si ou te deja ranpli tout enfòmasyon ki pa fè pati tè s lan sou fèy repons ou an, plase fèy repons ou an fas anwo sou biwo ou an. Tanpri chita san fè bri jouk mwen voye ou ale.

Pou elèv ki te ranpli enfòmasyon pèsònèl yo sou fèy repons yo, siveyan ou an pral pousuiv ak [Ranmasaj Fèy Repons yo](#).

6.3 Ranpli Fèy Repons yo

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Tapri gade paj 1 nan livrè *Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv* ou an. Ou pral bezwen enfòmasyon ak enstriksyon pou ranpli kèk nan kesyon ki rete yo. Pran yon moman pou li paragraf ouvèti yo, ansanm ak enfòmasyon sou konfidansyalite yo. Tanpri verifye lè ou fini.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Si fèy repons ou an gen yon etikèt ki afiche adrès lakay ou, konfime adrès ou an kòrèk. Ouvri fèy repons ou an nan paj 2. Si adrès ou an kòrèk sou etikèt lan, ou ka sote chan 9 pou rive 13 yo. Si ou wè nenpòt erè nan adrès ou an, ou pral bezwen ranpli adrès kòrèk ou sou fèy repons lan.

Pou tout elèv ki ap ranpli adrès yo, siveyan ou an pral di:

- Suiv enstriksyon yo ki nan livrè *Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv* ou an pou ekri epi ajoute adrès ou nan chan 9 pou rive 13 yo. Leve men ou si ou gen kesyon. Si adrès ou chanje, ou ka toujou mete l ajou atravè kont College Board ou an si ou gen 13 lane oswa pi gran. Si ou resevwa enstriksyon lakay ou, College Board bezwen adrès ou pou li poste ba ou yon kopi rapò sou nòt ou an.

Pou chan 14 la, siveyan ou an pral di:

- Chan 14 an mande nimewo telefòn mobil ou. Tanpri kite chan 14 lan vid si se pa yon nimewo selilè Ozetazini.
Si ou gen yon nimewo selilè Ozetazini, li enfòmasyon nan chan 14 lan ki konsène bay nimewo ou. College Board pral itilize l pou voye enfòmasyon tankou lè nòt ou yo pare. Ou gendwa soti ladan l nenpòt kilè. College Board pa p pataje nimewo telefòn ou ak lòt òganizasyon.
Chan sa a opsyonèl. Si ou dakò ak tèm yo nan fèy repons ou an, antre nimewo ou an nan chan yo, kòmanse ak kòd rejyonal lan, epi ranpli boul ki apwopriye yo. Tanpri verifye lè ou fini.

Pou chan 15 la, siveyan ou an pral di:

- Suiv enstriksyon yo nan livrè *Student Answer Sheet Instructions (Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv)* ou an pou ranpli adrès lakay ou nan chan 15 lan. Leve men ou si ou gen kesyon.

Kounya siveyan ou an pral di:

- Repons ou yo ak kesyon ki nan chan 16 pou rive 19 yo pral ede asire tès ak sèvis yo jis epi itil pou tout elèv. Pou rezon sa a, nou ankouraje ak fòs pou tout elèv ranpli seksyon sa a. Repons ou yo gendwa itilize tou nan objektif rechèch epi yo gendwa pataje yo ak lekòl ou an, distrik lekòl ak eta ou an.
Chan sa yo opsyonèl. Si paran ou oswa gadyen ou te di w ou pa ta dwe ranpli okenn enfòmasyon opsyonèl oswa volontè, tanpri jis chita san fè bri pandan nou ap pase nan aktivite sa a. Pa ranpli okenn chan ki mande enfòmasyon paran oswa gadyen ou te di ou pa bay.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Kounya, li enfòmasyon ki nan livrè *PSAT 8/9 Student Answer Sheet Instructions (Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv PSAT 8/9)* an pou reponn kesyon 16 pou rive 19 yo. Verifye lè ou fini.

Lè elèv yo pare, pou chan 20 an, siveyan ou an pral di:

- Ou ap jwenn chan 20 lan nan paj 4 fèy repons ou an. Li enfòmasyon sou bay adrès imèl ou. Si ou deside bay yon adrès imèl, ranpli boul lan pou endike si adrès imèl lan se pou ou oswa pou yon paran oswa gadyen ou. Si ou gen 13 lane oswa plis, College Board pral itilize adrès imèl lan pou voye enfòmasyon tankou lè nòt ou yo pare.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Nou fin ranpli enfòmasyon pèsònèl yo kounya. Tanpri fèmen fèy repons ou an. Plase fèy repons ou an epi livrè *Enstriksyon pou Fèy Repons Elèv lan* fas anlè sou biwo ou an. Tanpri chita san fè bri jouk mwen voye ou ale.

6.4 Ranmase Fèy Repons yo epi Ranvwaye Elèv yo

Ak elèv ki pare pou yo ale yo, siveyan ou an pral di:

- Nan yon moman, mwen pral kite nou ale. Sonje ou, ou pa dwe, suivan okenn sikonstans, pran okenn kontni tès nan sal tès lan, oswa diskite oswa pataje kontni tès lan ak pèsòn atravè okenn mwayen, sa gen ladan l imèl, mesaj tèks, entènèt oswa medya sosyal. Jan mwen te di nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik sa yo ki lye ak sekirite tès lan, nòt yo an pral anile epi yo gendwa anpeche yo pran lòt tès College Board alavni.

Yo ap avize ou lè nòt ou yo disponib epi sou kijan pou ou aksede ak rapò konplè sou nòt ou an sou entènèt si ou gen omwen 13 lane. Si ou gen mwens pase 13 lane, pale ak konseye ou an pou enfòmasyon sou rezilta tès ou yo.

Tanpri tann nan plas nou jouk mwen voye ranje ou an ale. Nan pwèn sa a, ou gendwa rasanble afè ou yo epi vin ranmase nenpòt bagay ou te remèt anvan tès lan. Pandan ou ap soti, tanpri konsidere moun ki toujou ap travay nan lòt sal yo. Ankò, felisitasyon pou travay difisil ou an jodi an.

Si nenpòt elèv ki nan sal lan pa t ranpli enfòmasyon yo ki pa fè pati tès lan sou fèy repons lan, siveyan ou an pral tounen nan [Ranpli Fèy Repons yo](#).